



## Èske w konnen yon moun ki bezwen èd pou achte medikaman sou preskripsyon?

Kounye a, ou ka ede yon moun ou renmen pou l aplike pou resevwa Èd Anplis avèk depans medikaman sou preskripsyon ki kouvri nan plan Medicare yo a. Nenpòt moun ki gen Medicare ka jwenn kouvri anba plan medikaman sou preskripsyon Medicare la. Gen kèk moun ki gen resous ak revni ki pa anpil, e ki ka elijib tou pou Èd Anplis pou peye pou depans, tankou—prim asirans pa mwa, dediktib chak ane ak kopeman pou medikaman sou preskripsyon—ki gen rapò avèk yon plan Medicare pou medikaman sou preskripsyon. Nou estime Èd Anplis la ka vo apeprè \$4,000 pa ane. Gen anpil moun ki kalifye pou fè gwo ekonomi sa yo epi yo pa menm konn sa. Pou chèche konnen si yon moun elijib, Sekirite Sosyal ap bezwen konnen kantite lajan moun nan genyen kòm ekonomi, kantite lajan moun sa a genyen nan investisman, valè byen imobilye l yo (san konte kay kote l rete a), ak revni l yo. Si yo marye e y ap viv ansanm avèk mari oswa madanm yo, n ap bezwen enfòmasyon sa a pou yo toulède.

Pou kalifye pou Èd Anplis, yo dwe:

- Abite nan youn nan 50 Eta yo oswa nan Distrik Columbia;
- Gen resous ki pa depase limit \$12,640 pou yon moun oswa \$25,260 pou 2 moun marye k ap viv ansanm. Resous yo gen ladan yo bagay tankou kont labank, aksyon, ak obligasyon. Nou **p ap** konsidere kay yo, machin yo, ak nenpòt asirans vi kòm resous; e
- Se pou revni anyèl yo pa depase limit \$16,335 pou yon moun oswa \$22,065 pou 2 moun marye k ap viv ansanm. Menm si revni anyèl yo pi wo, moun ou renmen yo ka jwenn kèk èd kanmèm avèk prim pa mwa yo, dediktib chak ane yo, ak kopeman pou medikaman sou preskripsyon yo. Men kèk egzanp kote revni yo ka pi wo, epitou si yomenm oswa mari/madanm yo:
  - Ap sipòte lòt manm fanmi an k ap viv avèk yo;
  - Ap touche lajan nan travay; oswa
  - Ap viv nan peyi Alaska oswa nan Awayi.

## Kijan pou kòmanse

Pou ede moun k ap resevwa Medicare yo aplike pou Èd Anplis, gen yon fèy kalkil ki palòtbò paj la. Fèy kalkil la se **pa** yon aplikasyon li ye, sepandan si w ekri enfòmasyon li mande a sa pral fè l pi fasil pou ka ranpli aplikasyon pou Èd Anplis la.

Mande nenpòt moun w ap ede a pou l:

- Idantifye bagay yo posede poukont yo, sa yo posede avèk mari oswa madanm yo, oswa sa yo posede avèk yon lòt moun. Yo **pa dwe** konsidere kay yo, machin yo, plas yo genyen nan simitè, polis asirans vi yo oswa byen pèsònèl yo.
- Revize tout revni yo.
- Rasanble dosye yo alavans pou pa pèdi tan.

## Dokiman ki pral ede w prepare alavans pou nenpòt moun w ap ede

- Etadkont ki montre balans ki nan kont yo gen labank, nan kredi inyon oswa nan lòt enstitisyon finansyè;
- Etadkont pou investisman yo;
- Sètifika pou aksyon;
- Deklarasyon revni (inkòm taks);
- Lèt ki deklare pansyon y ap resevwa; epi
- Souch chèk travay.

## Ajans leta yo ka ede avèk depans Medicare yo

Lè moun ki resevwa Medicare yo aplike pou Èd Anplis, yo ka kòmanse pwosesis aplikasyon an pou Pwogram Ekonomi Medicare (Medicare Savings Program) yo—pwogram Leta ki ede moun avèk lòt depans Medicare yo. Sekirite Sosyal pral voye enfòmasyon moun k ap resevwa Medicare yo bay Eta kote yo rete a, amwenske yo di nou pou n pa fè sa, sou aplikasyon pou Èd Anplis yo a. Eta a pral kontakte moun k ap resevwa Medicare yo pou ede yo aplike pou yon Pwogram Ekonomi Medicare.

## Kijan ou ka aplike pou Èd Anplis oswa jwenn plis enfòmasyon

Ou ka ede yon moun aplike sou entènèt pou Èd Anplis nan [www.socialsecurity.gov/extrahelp](http://www.socialsecurity.gov/extrahelp). Pou ede yo aplike pa telefòn oswa pou yo jwenn

yon aplikasyon, rele Sekirite Sosyal nan **1-800-772-1213** (TTY [pou moun ki soud oswa bèbè] **1-800-325-0778**) epi mande pou *Aplikasyon pou jwenn Èd Anplis avèk depans medikaman sou preskripsyon ki kouvri nan plan Medicare la* (Fòm SSA-1020). Gen anplwaye Sekirite Sosyal ki disponib pou ede ranpli aplikasyon an. Ou ka ale nan biwo lokal Sekirite Sosyal la tou pou jwenn asistans.

Pou plis enfòmasyon sou fason pou jwenn Èd Anplis avèk depans medikaman sou preskripsyon ki kouvri nan Medicare w la, ale sou sit entènèt la, nan **[www.socialsecurity.gov/extrahelp](http://www.socialsecurity.gov/extrahelp)** oswa rele Sekirite Sosyal nan nimewo **1-800-772-1213** (TTY [pou moun ki soud oswa bèbè] **1-800-325-0778**).

Pou gen plis enfòmasyon sou Pwogram Ekonomi Medicare, sou plan Medicare pou medikaman sou preskripsyon, sou kouman pou anwole nan yon plan, oswa pou mande yon kopi manyèl

*Medicare & Ou (Medicare & You)* tanpri ale sou sit entènèt la nan **[www.medicare.gov](http://www.medicare.gov)** oswa rele nan **1-800-MEDICARE (1-800-633-4227; TTY [pou moun ki soud oswa bèbè] 1-877-486-2048)**. Lè w rele, ou ka mande enfòmasyon sou kouman pou kontakte Pwogram Asistans pou Asirans Sante Leta (State Health Insurance Assistance Program: SHIP) pou moun ki resevwa Medicare. Pwogram SHIP la ka ede moun k ap resevwa Medicare la avèk plan Medicare pou medikaman sou preskripsyon yo. Epitou, ou kapab jwenn enfòmasyon sou kouman pou kontakte SHIP lokal la pou moun k ap resevwa Medicare la, nan manyèl Medicare yo a oswa ou ka jwenn enfòmasyon sa a sou entènèt la, nan **[www.medicare.gov/contacts/organization-search-criteria.aspx](http://www.medicare.gov/contacts/organization-search-criteria.aspx)**.

Nou bezwen konnen enfòmasyon sou resous ak revni yo (ak sou resous ak revni mari oswa madanm yo, si yo marye epi y ap viv ansanm):

Resous	Valè
Kont labank, avèk tou kont kouran, kont-depay ak sètifika depo	\$ _____
Aksyon, obligasyon, bon kès, fon komen plasman, kont retrèt endividyèl (IRA) oswa lòt investisman	\$ _____
Lajan kach yo gen lakay yo oswa nenpòt lòt kote	\$ _____
Nenpòt byen imobilye apade kay kote yo rete a	\$ _____

Revni	Kantite lajan pa mwa
Benefis Sekirite Sosyal	\$ _____
Benefis retrèt pou travay nan chemennfè	\$ _____
Benefis ansyen konbatan	\$ _____
Lòt pansyon oswa peman anyèl	\$ _____
Pansyon alimantè	\$ _____
Revni nèt yo kolekte nan lwaye (apre dediksyon ak peman enpo)	\$ _____
Konpansasyon pou aksidan nan travay	\$ _____
Lòt revni (peman pou dedomajman nan ka andikap yon etablisman prive oswa leta peye)	\$ _____

Revni	Montan anyèl
Salè	\$ _____
Revni nèt (apre dediksyon ak peman enpo) yo fè si yo gen pwòp biznis yo	\$ _____



**Social Security Administration**  
 SSA Publication No. 05-10505HC  
 January 2011  
 WEB ONLY